



Pwoteje

Elèv nou yo

SA W BEZWEN KONNEN KONSÈNAN
DWA IMI-GRAN YO AK MENAS POU
KESYON DEPÒTASYON AN



**Sa elèv yo ansanm
ak fanmi yo Dwe Fè
epi Pa Fè si otorite
ICE yo vin frape pòt
kay yo**



Tout timoun gen dwa pou jwenn yon edikasyon publik

Sou baz lwa federal la, tout timoun, këlkeswa sitwayènte oswa estati rezidans yo, gen dwa pou jwenn edikasyon soti nan Maténèl rive nan 12yèm ane, san wete sèvis oryantasyon nan inivèsite. Distri lekòl ki entèdi oswa dekorajé timoun enskri nan lekòl paske timoun sa yo oswa paran yo se imigran ki san papye, kapab nan vyolasyon ak lwa federal la.



Sa lalwa di sou kesyon aplike lalwa nan lekòl yo ak toupre lekòl yo, epi lòt kote

Nan dat 20 janvye 2025, administrasyon Trump la te anile yon nòt oryantasyon ki te pwoteje kèk zòn— tankou lekòl ak etablisman swen sante yo—kont aplikasyon lwa sou imigrasyon an. Akoz sa, ofisyè ak ajan ICE yo gen otorizasyon pou pran yon seri mezi pou fè aplike lalwa nan lokal ak espas ki vin apre yo:

- Lekòl yo (tankou lekòl preskolè, lekòl primè, lekòl segondè, kolèj ak inivèsite yo, ansanm ak lòt etablisman aprantisaj yo, tankou lekòl pwofesyonèl ak lekòl komès yo);
- Lopital yo;
- Legliz yo, sinagòg yo, moske yo ak lòt enstitisyon pou adorasyon yo, tankou biling yo lwe pou kesyon sèvis relije yo;
- Pandan antèman, maryaj ak lòt seremoni relije yo;
- Pandan manifestasyon an pubblik yo, tankou mach, rasanbleman ak defile yo;
- Lokal kote timoun konn rasanble yo, tankou teren jwèt ak estasyon bis yo;
- Etablisman sèvis sosyal yo, tankou abri pou moun ki viktim vyolans domestik ak sant alimantasyon yo; epi
- Sit entèvansyon nan ka kote gen katastwòf/ijans, tankou wout evakyasyon.

Li empòtan pou w sonje moun ki fè pati kominate imigran nou an toujou gen dwa konstitisyonèl fondamantal yo. Gen yon seri mezi empòtan ou kapab pran pou soutni elèv yo ansanm ak fanmi yo nan tout zòn ki te deziyen kòm zòn pwoteje anvan sa yo. Nan mezi sa yo gen:

- Identife nenpòt lwa ki aplikab nan nivo federal, Eta ak lokal, ansanm ak politik distri a ki pwoteje elèv ak fanmi ki imigran yo.
- Si pa gen okenn politik sou sa, devlope yon politik pou reyakson alekri ak yon plan preparasyon ala-vans pou lè w ap entèraji ak yon ajan ki la pou fè aplike lwa sou imigrasyon yo andan oswa toupre lekòl ou a oswa lòt kote.
- Deziyen yon moun ki gen otorizasyon pou egza-mine manda ak sitasyon pou prezante yo.
- Konprann diferans ki genyen an espas pubblik ak espas prive.
- Bay manm pèsonèl ki pa otorize ak volontè yo fòrmasyon pou reponn demann ICE yo.
- Ekri tout entèrakson ki fèt ak ajans sèvis im-igrasyon yo.
- Antre an kontak ak rezo èd pou imigrasyon ki nan zòn ou an.



Sa lalwa di sou zafè pataje enfòmasyon sou elèv yo bay otorite nan imigrasyon yo

Sou baz Lwa sou Dwa ak Pwoteksyon Vi Prive nan Domèn Edikasyon Familyal la (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA), lekòl yo pa gen dwa, san konsantman paran yo, pou bay ajan fed-eral imigrasyon yo enfòmasyon ki gen nan dosye elèv yo, si enfòmasyon sa yo kapab ekspose estati imigrasyon elèv la. Pou plis enfòmasyon sou FERPA, ale sou studentprivacy.ed.gov/ferpa.



Lekòl yo dwe se yon kote ki sekirize, espas apranti-saj ki akeyan epi kote ki pa gen okenn rasis, dis-kriminasyon ak menas pou depòtasyon.

Distri lekòl yo gen responsabilite pou asire sekirite ak byennèt tout elèv yo. Edikatè yo ansanm ka manm pèsonèl pou sipò eskolè yo kapab travay ak alye yo genyen nan kominate a pou re-affirme lekòl ak kanpis yo a se zòn ki sekirize. Yon etap ki empòtan se re-evalye pratik pou kolekte done yo. Lekòl yo dwe reflechi ak enfòmasyon yo ap kolekte nan men elèv yo ansanm ak fami yo, epi pou yo limite yo otank posib (pa egzanp, nan ki objektif yo te kolekte enfòmasyon sa yo epi ki moun ki gen aksè ladan yo). Evite kolekte enfòmasyon sou esta-ti imigrasyon, sa ki kapab gen yon efè dekorajon sou fanmi yo epi ki kapab reprezante yon vyolasyon desizyon Plyler v. Doe Tribunal Siprèm lan, ki garanti aksè nan edikasyon pubblik soti nan Maténèl rive 12yèm ane pou tout timoun, këlkeswa estati imigrasyon yo.

➲ **Pa ouvri pòt la.** Otorite ICE yo pa kapab antre lakay ou san yon manda jidisyè ki siyen. Di yo pase manda a anba pòt la anvan w ouvri.

➲ **Rete an silans.** ICE kapab itilize nenpòt bagay ou di kont ou nan dosye imigrasyon w lan, kidonk, reklame dwa w genyen pou rete an silans! Di: "Mwen plede Senkyèm Amandman an epi mwen chwazi rete an silans."

➲ **Pa siyen.** Pa siyen okenn bagay ICE ba ou san w pa pale ak yon avoka.

➲ **Reyaji!** Chèche jwenn yon avoka yo fè konfyans, kontakte yon òganizasyon lokal nan kesyon dwa imigran epi egzamine tout opsyon posib pou defann ka w la. Si yo kenbe w nan detansyon, ou kapab jwenn liberasyon sou kosyon - pa pèdi espwa!

Pou plis resous ak enfòmasyon, kontakte:

➲ **AFT**

www.aft.org/immigration

➲ **Share My Lesson**

www.sharemylesson.com/immigration

➲ **Colorín Colorado**

www.colorincolorado.org/immigration

➲ **National Immigration Law Center**

www.nilc.org

➲ **United We Dream**

www.unitedwedream.org

➲ **Center for Law and Social Policy**

www.clasp.org



aft.org



AFTUnion



@AFTUnion



AFTUnion

